

لَهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ مَنْ أَصْوَاتَكُمْ
كُمْ
الَّذِينَ
نَّ اللَّهُ
بِ

عَلَى الْآخَرِي فَقَاتِلُوا الَّتِي تَبْغِي حَتَّى تَفْهَمَ إِلَى أَمْرِ اللَّهِ فَإِنْ فَاءَتْ
فَاصْلِحُوا بَيْنَهُمَا بِالْعَدْلِ وَاقْسُطُوا إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ
١٩ إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْرَجُوا فَاصْلِحُوا بَيْنَ أَخْوَيْكُمْ وَاتَّقُوا اللَّهَ
لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ٢٠ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا يَسْخِرُ قَوْمٌ مِّنْ قَوْمٍ
عَسَى أَنْ يَكُونُوا أَحْيَاءً مِّنْهُمْ وَلَا نِسَاءٌ مِّنْ نِسَاءٍ عَسَى أَنْ يَكُونَ خَيْرًا
مِّنْهُنَّ وَلَا تَلْمِزُوا أَنفُسَكُمْ وَلَا تَنْبِرُوا بِالْأَلْقَابِ بِئْسَ الْإِسْمُ
الْفُسُوقُ بَعْدَ الْإِيمَانِ وَمَنْ لَمْ يَتَبَّعْ فَأُولَئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ٢١

KHUTBAH JUM'AT BASA JAWI

Ngedohi Penggawe Ghibah

Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH JUM'AT BASA JAWI

NGEDOHI PENGGAWE GHIBAH

Oleh: Hasan Abu Ayyub

(Pembina Yayasan Al-Furqon Lentera Umat)

KHUTBAH PERTAMA

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَرْسَلَ رَسُولَهُ بِالْهُدَىٰ وَدِينِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهُ عَلَى الْدِينِ كُلِّهِ وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُونَ ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً رَسُولَ اللَّهِ ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى إِلَهِ أَصْحَابِهِ وَالْتَّابِعِينَ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِيمَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْخَاطِرُونَ، أَوْصِنُكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ: وَالَّذِينَ يُؤْذُونَ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ بِغَيْرِ مَا اكْتَسَبُوا فَقَدِ احْتَمَلُوا بُهْتَانًا وَإِثْمًا مُبِينًا،

Jama'ah ingkang kula hormati,

Ingkang sepindah, puja puji syukur katur dumateng Gusti Allah, Dzat ingkang wajib sinembah, ugi Dzat ingkang tansah ngudani kita njenengan sami nikmat, utaminipun nikmat iman ugi kesarasan.

Sholawat sarto salam mugi tansah katetepaken dumateng Kajeng Nabi Muhammad ﷺ, ugi sinten kemawon ingkang nderek ugi dados penderekipun dumugi dinten kiyamat mbenjang.

Mboten kesupen, monggo kita sami netepi lan ningkataken takwa dumateng Gusti Allah Ta'ala, kanthi tansah nindakaken sedaya dawuhipun saha nebihi sedaya awisanipun ing panggenan pundi kemawon. Salah setunggalipun tindak lampah ingkang nuduhaken raos takwa kita dhumateng Gusti Allah inggih punika nebihi penggawe ghibah utawi rasan-rasan.

Gusti Allah paring dawuh:

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظُّنُنِ إِنَّ بَعْضَ الظُّنُنِ إِثْمٌ وَلَا تَحْسَسُونَ وَلَا يَعْتَبْ بَعْضُكُمْ بَعْضًا

أَيُّهُمْ أَحَدُكُمْ أَنْ يَأْكُلَ لَهُمْ أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهُتُمُوهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَابٌ رَّحِيمٌ

"Hei wong-wong kang padha iman, ngedohono sira kabeh saka penyana ala, saktemene setengah saking penyana iku dosa, lan aja niti-niti alane liyan, lan sebagian sira aja (seneng) ngerasani marang liyan. Apa to demen salah siji sira kabeh umpama mangan daginge dulure dewe kag arupa bathang? Tentu sira bakal gething. Wediyo sira kabeh marang Gusti Alloh, saktuhune Gusti Alloh akeh nampa taubat tur welas asih." (QS. Al-Hujurat: 12)

Ayat menika negesaken bilih tiyang mukmin kedah nilaraken penyana ala, uneg-uneg jember (ngeres), ngerasani (ghibah), keranten sedaya niki dosa, langkung-langkung ngerasani ingkang diumpamaaken kados tiyang ingkang mangan daging sedereke arupi bathang.

Jama'ah ingkang kula hormati

Punapa sebab-ipun ghibah dipun ibarataken mangan daging sedereke arupi bathang? keranten penggawe ghibah saget ngrusak karukunan utawi pasederekan.

Banjur apa iku ghibah?

Dipun riwayataken saking shahabat Abu Hurairah radhiyallahu 'anhu, saktuhune Kanjeng Nabi shalallahu 'alaihi wasalam dawuh kalih para shahabat:

أَتَدْرُونَ مَا الْغِيَةُ؟ قَالُوا: اللَّهُ وَرَسُولُهُ أَعْلَمُ. قَالَ: ذِكْرُكُمْ أَحَدُكُمْ بِمَا يَكْرُهُ

"Apa to sira kabeh padha ngerti arane ghibah?, para shahabat njawab: "Allah lan Rasulipun ingkang langkung pirsa." Kanjeng Nabi dawuh: "Ghibah iku sira nyebutake sedulur sira kelawan perkara kang piyambake ora demen."

قَيْلَ: أَرَأَيْتَ إِنْ كَانَ فِي أَخِي مَا أَقُولُ؟ قَالَ: إِنْ كَانَ فِيهِ مَا تَعْوُلُ فَقَدْ اغْتَبْتَهُ، وَإِنْ لَمْ يَكُنْ فَقَدْ

بَحْتَهُ

Dipun tangletaken Kanjeng Nabi: "Kados pundi pemanggeh panjenengan menawi ingkang kita sebat-aken niku leres?" Kanjeng Nabi njawab: "Lamun kang sira sebutake iku bener, mangka sira wis tindak ngerasani. Ananging lamun ora bener, mangka siro wes gawe fitnah." (HR. Muslim)

Hadis menika sampun jelas bilih ngerasani niku penggawe ingkang jember, misale ngerasani sederek muslim ingkang nggadah kekirangan fisik, sifat, akal lan bandane. Penggawe mekaten menika saget ngrisak tatanan rukun lan nyebabaken bendune sederek.

Jama'ah ingkang kula hormati

Penggawe ngerasani ing jaman sakmangken soyo nguwatirake, keranten sampun dados kebiasaan tiyang wonten pundi kemawon, samar utawi terang, luwih-luwih wonten internet, youtube, facebook dados panggenan rasan-rasan.

Pramila mangga kita tebihi penggawe ghibah karono kejawi saged ngrisak karukunan, ugi saged dados molo kagem ingkag nindhakki ing dalem akhirat benjang.

Dipun riwayataken saking shahabat Anas bin Malik radhiyallahu 'anhu, saktuhune Kanjeng Nabi shalallahu 'alaihi wasalam dawuh:

لَمَّا عَرَجَ بِيْ، مَرَرْتُ بِقَوْمٍ لَّهُمْ أَظْفَاعُرْ مِنْ خَاسٍ يَخْمِشُونَ وُجُوهُهُمْ وَ صُدُورُهُمْ فَقُلْتُ : مَنْ هُؤُلَاءِ

يَا جِبْرِيلُ؟ قَالَ : هُؤُلَاءِ الَّذِينَ يَأْكُلُونَ لُحُومَ النَّاسِ

"Nalikane ingsun den mi'raj-ake, ingsun ngliwati sekelompok wong – wong kang handarbei kuku-kuku saka tembaga, pada grawut – grawut wong – wong kelawan kuku – kukune ing wajah – wajahe dewe ugo dada – dadane dewe. Nuli ingsung tanglet: "Sapa iku hei Malaikat Jibril?" Malakat Jibril jawab: "Iku umat-mu kang duk rikalane ing

ngalam ndunya seneng mangan daginge sedulure (ghibah)." (HR. Ahmad III / 223, Abu Dawud 4878-4879, Dishahihkan dening Syaikh Abu ishaq Al-Huwaini)

Jama'ah ingkang kula hormati

Mugi-mugi kita sedaya saget nebihi penggawe ala, ugi dipun tebihaken saking ngerasani lan tansah dipun jagi kaliyan Gusti Allah saking sedaya maksiat. Amiin

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ وَنَفْعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْأَيَاتِ وَالدِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي
هَذَا وَآسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ فَاسْتَغْفِرُوهُ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ . أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ . وَأَشْهَدُ
أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ . اللَّهُمَّ صَلِّ وَسِلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا وَمَوْلَانَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ
وَمَنْ تَعَمِّمْ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ
أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَانْتَهُوا عَمَّا هَيَّ . وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَنَا بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ
بِنَفْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَا لِئَكُنْهُ يُصَلِّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسِلِّمُوا
تَسْلِيْمًا .

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ .
اللَّهُمَّ أَعِرِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذْلِ الشَّرِكَ وَالْمُشْرِكِينَ .
رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَفِنَا عَذَابُ النَّارِ .
عِبَادَ اللَّهِ ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ
يَعِظُّكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ . وَأَذْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرُكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعْمَهِ يَزِدُّكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ .